

**Reponn **wi** pou fè tès VIH.**



**wi**

A large red double circle logo is centered on the page. Inside the inner circle, the letters "wi" are written in a bold, red, sans-serif font.

**Nou **mande** tout moun li.  
Se lalwa.**

## **Enfòmasyon enpòtan w dwe konnen anvan w fè yon tès VIH:**

- VIH se virus ki bay maladi SIDA a. Li ka transmèt nan fè sèks san pwoteksyon (nan anis, nan vajen oswa nan bouch) avèk yon moun ki gen VIH, nan kontak ak san ki enfekte ak VIH lè moun pataje zegwi (nan pèse kò, fè tatou, nan materyèl pou pran piki dwòg, e zegwi ladan tou), oswa lè fanm ansent ki enfekte ak VIH bay tibebe yo li pandan gwochès oswa akouchman, oubyen nan bay tete.
- Gen tretman pou VIH/SIDA ki ka ede yon moun rete ansante.
- Moun ki gen VIH/SIDA ka adopte rapò seksyèl ki san danje dekwa pou pwoteje lòt moun kont enfeksyon an. Rapò seksyèl san danje pwoteje moun ki gen VIH/SIDA tou pou yo pa enfekte ak lòt kalite souch VIH.
- Tès la volontè, epi w ka fè I nan yon sant piblik pou tès, san w pa bay non w (tès anonim).
- Dapre lalwa, rezulta tès VIH ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak VIH ap rete konfidansyèl (privé).
- Li ilegal pou fè diskriminasyon ki baze sou kondisyon VIH yon moun. Moun yo fè diskriminasyon kont yo kapab jwenn èd.
- Konsantman pou tès ki gen rapò ak VIH rete anvigè jiskaske w retire li nan bouch oswa alekri. Si konsantman an te bay pou yon peryòd tan espesyalman, konsantman an aplike pou peryòd tan sa sèlman. Ou ka anile konsantman w nenpòt lè.

## **Tès VIH enpòtan espesyalman pou fanm ansent.**

- Yon manman ki enfekte ka transmèt VIH ba pitit li pandan gwochès, akouchman oswa nan bay tete.
- Li pi bon pou konnen eta w parapò ak VIH anvan, oswa byen bonè nan gwochès, konsa w ka pran desizyon enpòtan konsènan pwòp sante pa w ak sante tibebe w lan.
- Si w ansent epi w gen VIH, gen tretman ki disponib pou pwòp sante pa w ak pou anpeche transmèt VIH ba tibebe w lan. Si w gen VIH epi w pa pran tretman, chans pou transmèt VIH ba tibebe w lan se yon chans sou kat. Si w pran tretman, chans pou transmèt VIH ba tibebe w lan pi ba anpil.
- Si w pa fè tès pandan gwochès, founisè swen ou ap rekòmande pou w fè tès la lè w nan tranche. Nan tout sikorans, y ap fè tès pou tibebe w lan apre nesans. Si tès tibebe w lan pozitif, sa vle di ou gen VIH epi tibebe w lan te ekspoze ak virus la.

## **Si tès ou pozitif pou VIH:**

**Kote ki fè tès pou ou an ap pwograme, avèk pèmisyon w, yon randevou suivi bòkote yon founisè swen sante.**

- Si tès ou pozitif pou VIH, y ap fè tout kalite efò pou mete w an kontak dirèkteman ak sèvis swen sante primè, prevansyon, sipò, ak sèvis pou patnè.
- Kote ki fè tès pou ou an pa dwe annik ba w enfòmasyon pou kontakte yon Sant ki la pou SIDA (Designated AIDS Center) (DAC) ni annik enfòmasyon sou yon founisè swen ki gen eksperyans nan VIH. Yo dwe kontakte w dirèkteman ak swen sante primè.
- Pwofesyonèl swen sante ki te fè tès la dwe pwograme, avèk pèmisyon w, yon randevou suivi pou swen VIH. Randevou a volontè.

**Founisè swen sante w lan pral pale avèk ou pou avèti patnè seksyèl ou oswa patnè ki pataje zegwi avèk ou.**

- Patnè w yo dwe konnen yo te pètèt ekspoze ak VIH, konsa yo ka fè tès epi pran tretman (si yo gen VIH).
- Si w pa alèz pou avèti patnè w poukout ou, founisè swen sante w lan kapab avèti yo (nan prezans ou oubyen san prezans ou).
- Konseye nan Depatman Sante (Espesyalis Sèvis Patnè) (Partner Services Specialists) ka ede w pou avèti patnè w tou san yo pa menm mansyone non w.
- Si founisè swen sante w konnen non mari oswa madanm ou oubyen yon lòt patnè, li dwe rapòte non an ba Depatman Sante.
- Pou asire sekirite w, Espesyalis Sèvis Patnè a oswa founisè swen sante w lan pral poze w kèk kesyon konsènan risk vyolans nan kay pou chak patnè yo pral avèti.
- Si gen nenpòt risk, Espesyalis Sèvis Patnè a oswa founisè swen sante w lan ap avèti patnè w tousuit epi y ap ede w jwenn èd.

**Si tès ou negatif pou VIH, founisè sante k ap ba w rezulta tès negatif la pral pataje enfòmasyon enpòtan sa yo ansanm avèk ou:**

Si w te resevwa yon rezulta tès antikò negatif pou VIH, sa prèske toujou vle di ou pa enfekte ak VIH. Men ou dwe konprann kisa yon rezulta tès VIH vle di, epi ou ka oblige refè tès la.

## Pou kisa w ka oblige refè tès pou VIH.

Peryòd ant lè w te ekspose a ak lè yon tès ka detekte enfeksyon VIH rele “peryòd fenèt.” Pandan peryòd sa a, yon moun ki enfekte gen VIH epi li ka transmèt li ba lòt moun, menmsi tès VIH li negatif. Si w angaje nan nenpòt konpòtman riske pou VIH pandan twa mwa yo ki anvan tès VIH ou an, ou dwe fè tès ankò twa mwa aprè dènye fwa li posib ou te ekspose a. Founisè swen w lan ap reponn nenpòt kesyon w ka genyen konsènan refè tès.

## Ou dwe pwoteje tèt ou kanmenm kont enfeksyon VIH.

Menmsi tès ou negatif pou VIH, kontinye pwoteje tèt ou kont enfeksyon VIH. Pa fè sèks san pwoteksyon ni pataje zegwi, sereng, oswa lòt materyèl pou pran piki dwòg ak kèlkeswa moun ki gen VIH, oswa ou pa konnen eta moun lan parapò ak VIH. Pa pataje zegwi pou pèse zòrèy, pèse kò, ni pou tatou. Ou ka trape VIH si yon moun ki gen VIH te sèvi ak zegwi a anvan w.

### Si w ap fè sèks:

Sèvi ak yon kapòt an latèks pou gason oswa pou fanm. Kapòt ede evite VIH si w itilize yo nan yon bon fason, chak fwa w ap fè sèks. Ou ka achte kapòt nan makèt, famasi ak sou entènèt. Nan Vil Nouyòk, kapòt yo gratis nan sèten magazen, biznis, òganizasyon kominotè ak klinik. Pou jwenn yon lis òganizasyon ki patisipe yo, ale nan nyc.gov/condoms.

### Si w pran piki dwòg:

- Itilize zegwi ak materyèl tounèf chak fwa w ap pran piki dwòg.
- Pa janm pataje zegwi, ni sereng oswa materyèl.
- Pa janm achte zegwi nan lari, menmsi yo sanble tounèf.
- Si w gen 18 an oswa w pi gran, ou ka achte zegwi tounèf nan anpil famasi.
- Pwogram echanj sereng yo bay zegwi gratis. Gade nan ‘Plis Enfòmasyon ak Èd’ pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sèvis sereng nan Vil Nouyòk ak nan Eta Nouyòk.

Si w sou oswa ou rèd anba dwòg, gen mwens chans pou w sonje pwoteje tèt ou ni lòt moun kont VIH. Kèlkeswa dwòg ou pran an, li diminye kapasite w pou pran desizyon pou fè sèks san danje ak pou itilize zegwi ak materyèl ki pwòp.

## **Plis enfòmasyon ak Èd:**

### **Sit entènèt Depatman Sante Eta Nouyòk:**

[www.health.ny.gov/diseases/aids/publications](http://www.health.ny.gov/diseases/aids/publications)

### **Liy Dirèk Eta Nouyòk pou VIH/SIDA (gratis):**

Angle: 1-800-541-AIDS

Panyòl: 1-800-233-SIDA

TDD: 1-800-369-2437

Pou apèl vokal ou ka itilize Sistèm Relè nan Nouyòk 711 oswa

1-800-421-1220 epi mande operatè a konpoze 1-800-541-2437

### **Tès Anonim, Gratis:**

Pou enfòmasyon sou VIH, referans oswa enfòmasyon sou jan w kapab jwenn yon tès VIH GRATIS san w pa gen pou bay non w, ak san w pa oblige tann yon randevou, rele pwogram rejyon ki pi pre konte w ap viv ladan an:

Pwogram Tès VIH Anonim pou Capital District Region:

1-800-962-5065

Pwogram Tès VIH Anonim pou Western Region (Zòn Buffalo):

1-800-962-5064

Pwogram Tès VIH Anonim pou Lower Hudson Valley Region:

1-800-828-0064

Pwogram Tès VIH Anonim pou Western Region (Zòn Rochester):

1-800-962-5063

Pwogram Tès VIH Anonim pou Long Island (Suffolk/Nassau) Region:

1-800-462-6786

Pwogram Tès VIH Anonim pou Central New York Region:

1-800-562-9423

**Vil Nouyòk: 311 pou enfòmasyon sou Klinik STD DOHMH yo**

## **Plis enfòmasyon ak Èd:**

### **Liy Dirèk Vil Nouyòk pou VIH/SIDA:**

1-800-TALK-HIV (825-5448)

### **Liy Dirèk Sant Nasyonal Kontwòl Maladi pou STD (maladi transmisib seksyèlman):**

Anglè/Panyòl 1-800-232-4636, TTY 1-888-232-6348

### **Liy Dirèk Eta Nouyòk pou Konsèy sou VIH/SIDA:**

1-800-872-2777

### **Sèvis Patnè nan Eta Nouyòk**

1-800-541-AIDS

### **Pwogram Asistans nan Vil Nouyòk pou Avèti Kontak:**

1-212-693-1419

### **Konfidansyalite:**

Liy Dirèk Eta Nouyòk pou Konfidansyalite: 1-800-962-5065

Sant Aksyon Legal: 1-212-243-1313 oswa 1-800-223-4044

### **Gwo Pwogram pou Jwenn Aksè Sereng (ESAP):**

Angle: 1-800-541-2437

Panyòl: 1-800-233-7432

### **Dwa Moun/Diskriminasyon:**

Divizyon Dwa Moun nan Eta Nouyòk: 1-718-741-8400

Komisyón Vil Nouyòk pou Dwa Moun: 1-212-306-7500

**health.ny.gov/aids  
nyc.gov/health**

Suiv nou sou:  
[health.ny.gov](http://health.ny.gov)  
[facebook.com/NYSDOH](http://facebook.com/NYSDOH)  
[twitter.com/HealthNYGov](http://twitter.com/HealthNYGov)  
[youtube.com/NYSDOH](http://youtube.com/NYSDOH)

